

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan taun ajaran 2012/2013 anu jumlahna aya 32 urang. 30 urang téh ngawengku 14 urang lalaki jeung 18 urang awéwé.

3.2 Desain Panalungtikan

Dumasar kana sampurna henteuna ékspérimén. Nurutkeun Campbell jeung Stanley dina Arikunto (2010:123) sampurna henteuna hiji panalungtikan ditangtukeun ku desain panalungtikan, desain dina ieu panalungtikan aya dua kelompok. Kelompok nu ka hiji disebut *pre experimental design* atawa disebut ékspérimén nu tacan sampurna. Kelompok nu ka dua disebut *true experimental design* atawa disebut ékspérimén sampurna. Kusabab *pre experimental design* mangrupa panalungtikan anu lain sabenerna. Ku kituna, desain ieu disebut ogé panalungtikan kuasi atawa kuasi ékspérimén.

Nurutkeun Arikunto (2010:123) desain kuasi ékspérimén aya tilu rupa nya éta (1) *one shot study*, (2) *pretest-postés*, jeung (3) *static group comparison*.

Dina ieu panalungtikan, desain anu digunakaeun nya éta *pretest-postést*.



Bagan 3.1 Pratés jeung Postés (Kuasi Ékspérimén)

Keterangan:

O_1 = pratés

O_2 = postés

Revi Pebriyanto, 2013

Éféktivitas Média Komik Pikeun Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

X = ‘perlakuan’ atawa *treatment* (komik) dina prosés diajar ngajar ngagunakeun média komik.

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nya éta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalayan henteu maké kelas kontrol.

Méthode ékspérimén mangrupa méthode panalungtikan anu produktif sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun.

3.4 Wangenan Operasional

Dumasar kana pedaran panalungtikan anu sipatna leuwih tioritis, ieu dihandap baris dijéntrékeun deui wangenan panalungtikan dina wangun anu leuwih operasional, diantarana:

- a. média komik nya éta salah sahiji média anu ngebrehkeun karakter jeung nepikeun carita ngaliwatan ilustrasi gambar. Média komik bisa dijadikeun stimulus dina pangajaran nulis carita pondok sarta bisa méré inspirasi pikeun siswa, boh pikeun nulis carita pondok boh pikeun mikareueus Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda sacara umum.
- b. pangajaran nulis carita pondok nya éta prosés ngébréhkeun hiji hal ngaliwatan média tinulis kucara nulis carita rékaan (fiksi) tina tingkah laku manusa anu nyaritakeun kahirupan masarakat atawa manusa sapopoé anu méré kesan lir enya-nya kajadian. Pangajaran nulis carita pondok dina ieu panalungtikan mangrupa pangajaran nulis hiji karya sastra, mangrupa carita anu disusun kalawan sistématis dumasar kana unsur intrinsik jeung ékstrinsikna, sarta prosés ngébréhkeun eusi atawa hasil maca komik ngajadi paragraf anu ngawangun hiji carita pondok.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis carpon. Tés dilakukeun dua kali nya éta saméméh jeung sabada meunangkeun perlakuan. Tés kahiji dilakukeun pikeun ngukur kamampuh awal siswa, sedengkeun tés kadua dilakukeun pikeun ngukur pangaruh perlakuan (média komik) kana kamampuh siswa nulis carpon.

Tabél 3.1

Pedoman Meunteun Karangan

Aspék Penilaian	Skala Penilaian				Skor
	4	3	2	1	
Eusi Carpon					
Imajinasi					
Tokoh jeung Penokohan					
Alur					
Hubungan antar Pada					
Mékanik					
Gaya					
Jumlah Skor					
Peunteun					

(Nurgiyantoro, 2010:488)

Katerangan Pedoman Skala Penilaian:

a) Eusi Carpon

Skor 4 = Hadé pisan: substantif, informasina pepel, mekarkeun idéna hadé, sarta rélevan jeung téma.

Skor 3 = Cukup hadé: lumayan substantif, informasina lumayan pepel, mekarkeun idéna lumayan hadé, sarta lumayan rélevan jeung téma.

Revi Pebriyanto, 2013

Éféktivitas Média Komik Pikeun Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan Taun Ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Skor 2 = Kurang: kurang substantif, informasina kurang pepel, mekarkeun idéna kurang hadé, sarta kurang rélevan jeung téma.

Skor 1 = Kurang pisan: henteu substantif, informasina henteu pepel, mekarkeun idéna henteu hadé, sarta henteu rélevan jeung téma.

b) Imajinasi

Skor 4 = Hadé pisan: imajinsina kuat sarta diolah kalawan hadé.

Skor 3 = Cukup hadé: imajinsina kurang kuat sarta diolah kalawan hadé.

Skor 2 = Kurang: imajinasina kurang kuat sarta diolahna kurang hadé.

Skor 1 = Kurang pisan: imajinasina teu kuat sarta diolahna kurang hadé.

c) Tokoh jeung Penokohan

Skor 4 = Hadé pisan: aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna digambarkeun kalawan jelas.

Skor 3 = Cukup hadé: aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna digambarkeun kalawan cukup jelas.

Skor 2 = Kurang: teu aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna digambarkeun kurang jelas.

Skor 1 = Kurang pisan: teu aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna teu digambarkeun kalawan jelas.

d) Plot/Galur

Skor 4 = Hadé pisan: plot digambarkeun kalawan jelas sarta jalan caritana gampang dipikaharti.

Skor 3 = Cukup hadé: plot digambarkeun cukup jelas sarta jalan caritana cukup dipikaharti.

Skor 2 = Kurang: plot digambarkeun kurang jelas sarta jalan caritana kurang dipikaharti.

Skor 1 = Kurang pisan: plot digambarkeun kalawan henteu jelas sarta jalan caritana henteu dipikaharti.

e) Hubungan antar Pada

Skor 4 = Hadé pisan hubungan antar pada kagambar kalawan hadé sarta silih lengkepan.

Skor 3 = Cukup hadé: hubungan antar pada kagambar lumayan hadé sarta lumayan silih lengkepan.

Skor 2 = Kurang: hubungan antar pada kagambar kurang hadé sarta kurang silih lengkepan.

Skor 1 = Kurang pisan: hubungan antar pada teu kagambar sarta henteu silih lengkepan.

f) Mékanik

Skor 4 = Hadé pisan: ngawasa aturan panulisan, ngan aya sababaraha kasalahan éjahan.

Skor 3 = Cukup hadé: kadangkala aya kasalahan éjahan, tapi teu matak ngarobah ma'na.

Skor 2 = Kurang: loba kasalahan éjahan sarta ma'nana ngabingungkeun atawa teu dipikaharti.

Skor 1 = Kurang pisan: teu ngawasa aturan panulisan, kasalahan éjahanana loba pisan, tulisan teu kabaca jeung teu pantes pikeun diajén.

g) Gaya

Skor 4 = Hadé pisan: gaya anu dipakéna éféktif sarta matak ngirut ati.

Skor 3 = Cukup hadé: gaya anu dipakéna cukup éféktif sarta cukup matak ngirut ati.

Skor 2 = Kurang: gaya anu dipakéna kurang éféktif sarta kurang matak ngirut ati.

Skor 1 = Kurang pisan: gaya anu dipakéna henteu éféktif sarta henteu matak ngirut ati.

3.6 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés. Nurutkeun Arikunto (2010:266) tés nya éta runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat liana anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intelegénsi, sarta kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok.

Dina ieu panalungtikan, jenis tés anu dilakukeun téh nya éta tés tulis, masing-masing siswa nulis carita pondok.

3.7 Téknik Ngolah Data

Téknik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Kagiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara anu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan dicangking ngaliwatan téknik tés, ngawengku pratés jeung postés.

Analisis data dina ieu panalungtikan baris dilakukeun ngaliwatan tahapan-tahapan saperti ieu di handap.

- 1) Hasil pratés jeung postés dipariksa sarta dianalisis.
- 2) Méré peunteun kana hasil carita pondok siswa kalawan ngagunakeun Pedoman Meunteun Karangan (il. Tabél 3.1). Skor ahir siswa maksimal nya éta 28, sarta minimalna 7. Skor anu kahontal éta dirobah jadi peunteun siswa anu dikalikeun kana 100 (peunteun idéal) kalawan rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Skor anu dihontal}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

Sangkan leuwih écés, peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu dihandap.

Tabél 3.2
Peunteun Tés Nulis Carita Pondok Siswa

No.	KK	Aspék Penilaian							Σ	P	%	Katégori
		A	B	C	D	E	F	G				

Katerangan:

KK = Kode karangan siswa

A = Eusi Carpon

B = Imajinasi

C = Tokoh jeung Penokohan

D = Plot/Galur

E = Hubungan antar Pada

F = Mékanik

G = Gaya

Σ = Jumlah Skor

P = Peunteun

Katégori = *Perséntase* \geq 65% siswa dianggap mampuh nulis carita pondok.

Perséntase \leq 65% siswa dianggap can mampuh nulis carita pondok.

3) Ngasupkeun data peunteun pratés jeung postés kana tabél ieu dihandap.

Tabél 3.3
Daptar Peunteun Pratés jeung Postés

No.	Ngaran Siswa	Peunteun Pratés	Peunteun Postés

Revi Pebriyanto, 2013

Éféktivitas Média Komik Pikeun Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan Taun Ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

4) Data dianalisis pikeun nguji hipotésis, carana saperti ieu di handap.

a) Uji Normalitas Data

(1) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna.

(2) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus ieu dihandap.

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

(3) Nangtukeun jumlah kelas (k)

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

(4) Nangtukeun panjang kelas (P)

$$P = \frac{r}{k}$$

(5) Nyieun tabél frékuénsi peunteun pratés jeung postés kalawan ngagunakeun tabél ieu dihandap.

Tabél 3.4

Frékuénsi Peunteun Pratés jeung Postés

No.	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
3						
Σ						

(6) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun pratés jeung postés kalawan ngagunakeun rumus:

$$\bar{x} = \frac{\Sigma f_i x_i}{\Sigma f_i}$$

Keterangan:

\bar{x} = rata-rata (*mean*)

Σ = jumlah (sigma)

f_i = jumlah data

Revi Pebriyanto, 2013

Éféktivitas Média Komik Pikeun Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan Taun Ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

x_i = nilai tengah

(Sudjana, 2005:93-95)

(7) Ngitung standar déviasi (s) kalawan rumus:

$$s = \sqrt{\frac{n\sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

(Sudjana, 2005:95)

(8) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi (perkiraan).

(a) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi.

Tabél 3.5

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspétasi

Interval	O _i	b _k _{handap}	b _k _{luhur}	Z ₁	Z ₂	Z ₁ tabél	Z ₂ tabél	L	E _i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
χ^2										

(b) $\chi^2_{itung} > \chi^2_{tabél}$ hartina distribusi data teu normal.

(Arikunto, 2010:361)

b) Uji Homogénitas

(1) Ngitung variasi (S^2) unggal kelompok

Variasi pratés

$$S1^2 = \sqrt{\frac{n\sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

Revi Pebriyanto, 2013

Éféktivitas Média Komik Pikeun Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan Taun Ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Variasi postés

$$S^2 = \sqrt{\frac{n\sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

(Sudjana, 2005:95)

(2) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{\text{variansi anu leuwih gedé}}{\text{variansi anu leuwih leutik}}$$

(3) Ngitung darajat kabébasan (dk), kalawan rumus:

$$dk = n - 1$$

(4) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

(5) Nangtukeun homogeny henteuna data dumasar kana criteria ieu di handap:

(a) $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel homogen; tapi upama

(b) $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel teu homogeny.

(Sudjana, 2005:250)

c) Uji Gain (d)

Tujuan uji gain nya éta pikeun nangtukeun naha aya bédana antara hasil pratés jeung hasil postés. Ngaliwatan uji gain, bisa kagambar aya-henteuna pangaruh digunakeun média komik kana kamampuh nulis carita pondok. Pikeun ngalakukeun uji gain, digunakeun tabél saperti ieu dihandap.

Tabél 3.6

Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Siswa Nulis Carita Pondok

No.	Ngaran Siswa	Praté	Postés	d	d ²
Σ					

d) Uji Hipotésis

- (1) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara peunteun pratés jeung postés kalawan ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

- (2) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

- (3) Ngitung jumlah kuadran déviiasi

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

- (4) Ngitung t

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katerangan:

t = tés signifikasi

Md = rata-rata tina béda antara peunteun pratés jeung postés

$\sum x^2 d$ = jumlah kuadran déviiasi

n = jumlah subjék tina sampel

(5) Nangtukeun ditarima-henteuna hipotésis dumasar kana kriteria ieu dihandap:

(a) Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis ditarima, yén média komik téh éféktif pikeun pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan taun ajaran 2012/2013.

(b) Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis ditolak, yén média komik téh henteu éféktif pikeun pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan taun ajaran 2012/2013.

(Arikunto, 2010:112-113)

